



Pou Piblikasyon Imedya: 09/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN YON LEJISLASYON POU SIPÒTE VIKTIM 11/09 YO,  
SEKOURIS YO AK PWÒCH YO**

*Lejislasyon (S.6810/A.7425) etabli metòd altènativ pou atribisyon fon konpansasyon viktim yo*

*Lejislasyon (S.6812/A.7426) egzije atribisyon fon konpansasyon viktim lan pou trete reklamasyon pou blesi yo menm fason ak reklamasyon lanmò yo*

*Lejislasyon (S.9370/A.9922A) prevwa yon sipozisyon pou reklamasyon konpansasyon travayè yo pou nenpòt pwoblèm sante oswa lanmò pou sila yo ki te patisipe nan operasyon sovtaaj, retablisman ak netwayaj World Trade Center yo*

*Lejislasyon (S.9294A/A.10416) pwolonje dat limit pou depoze reklamasyon pou andikap pou yon kondisyon ki kalifye nan World Trade Center*

*Lejislasyon (S.8273/A.7057-B) deziyen yon pati nan sistèm otowout eta a, kòm "Otowout Memoryal Ofisyè Lapolis Pòtyè James W. Kennelly"*

**Foto Gouvènè Hochul k ap siyen pwojè lwa yo disponib [isit la](#)**

Anvan 21yèm anivèsè 11/09 lan, Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a senk tèks lwa pou bay sipò pou viktim ak sivivan 11/09 yo. Sipò sa a pral ede elimine baryè ak reta yo nan Fon Konpansasyon pou Viktim lan ak reklamasyon konpansasyon travayè yo. Anplis de sa, gen yon otowout ki pral deziyen pou onore James Kennelly, yon ponpye volontè ki te ede nan inisyativ rechèch, sovtaaj ak retablisman yo. Foto Gouvènè a k ap siyen pwojè lwa yo disponib [isit la](#)

"Nouyòkè yo p ap janm bliye evènman terib 11 septanm 2001 yo -- epi nou pap janm bliye kouraj ak sakrifis sivil ak sekouris yo ke lavi yo te chanje pou toutan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap make vennyenyèm anivèsè atak laterè sou World Trade Center a, Pentagòn lan ak nan Pennsylvania, mwen onore pou m siyen senk nouvo lwa sa yo ki pral sipòte ak onore moun ki gen lavi yo ki te transfòme nan jou terib sa a".

Lejislasyon (S.6810/A.7425) etabli metòd altènativ senplifye pou prim Fon Konpansasyon Viktim, ki gen ladan sèlman pèt ki pa ekonomik tankou domaj emosyonèl. VCF la pral pibliye yon rapò detaye ak alokasyon prim lan ant pèt ekonomik ak pèt ki pa ekonomik.

Kounye a, dapre lwa sou lanmò enjistifye New York yo, yon prim VCF te bay ap trete menm jan ak nenpòt aksyon pou zak enjistifye, neglijan oswa defayans ki lakòz lanmò yon moun ki mouri. Yon fwa ke VCF a bay yon prim, reprezantan pèsonèl la dwe aplike nan Tribinal Ranplasan an pou yon òdonans tribinal ki pèmèt konpwomasyon, koleksyon, ak distribisyon prim lan. Tribinal Ranplasan an responsab pou asire bon jan rekonpans lan ak bon alokasyon lajan yo bay pati ki enterese yo.

**Senatè Eta Andrew Gounardes te deklare,** "Antanke Nouyòkè, nou gen yon dèt nou pa janm ka remèt sekouris yo ki te riske tout bagay pou ede nan operasyon sovta, retablisman, ak netwayaj nan World Trade Center. Plis pase de deseni apre, eksperyans yo toujou rele nou pou nou aji pou asire yo jwenn èd ak benefis yo merite. Twa pwojè lwa mwen yo pral rann li pi fasil pou sekouris yo aplike pou benefis andikap 11/09 lan epi resevwa èd nan Fon Konpansasyon Viktim lan. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te siyen pwojè lwa sa yo jodi a, epi, kòm toujou, sekouris brav yo ki te fè sakrifis - epi kontinye fè sakrifis - anpil".

**Manm Asanble Peter J. Abbate Jr. te deklare,** "Pwomilgasyon pwojè lwa sa yo pral senplifye pwosedi pou resevwa prim nan Fon Konpansasyon Viktim 11 septanm lan pou viktim ak sivivan atak teworis la. Li pral ede tou asire gason ak fanm vanyan sa yo ki te patisipe nan operasyon sovta, retablisman ak netwayaj World Trade Center resevwa benefis yo menm ak fanmi yo merite. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè lwa sa yo. Nou dwe fè tout sa nou kapab pou onore, sonje epi rann omaj ak efò ewoyik moun ki te reponn apèl la nan jou fatal sa a. Nou p ap janm bliye".

Lejislasyon (S.6812/A.7426) pral egzije Prim Konpansasyon pou Viktim pou trete tout viktim atak teworis World Trade Center ak pwosesis reklamasyon yo yon fason egal san reta initil, ki retire sèten restriksyon ki te lakòz reta pou anpil depoza ak fanmi yo. Pwojè lwa sa a minimize fado administratif sou fanmi an, VCF, ak Tribinal Ranplasan an lè li pèmèt reprezantan pèsonèl moun ki mouri 11/09 yo depoze ak trete reklamasyon yo, kèlkeswa si moun ki mouri a te mouri akòz maladi 11/09 la oswa si li te tou senpleman sibi yon blesi nan 11/09 men li te mouri pou yon lòt rezon.

Lejislasyon (S.9370/A.9922A) bay yon sipozisyon pou reklamasyon Konpansasyon Travayè pou nenpòt pwoblèm sante oswa lanmò moun ki te patisipe nan operasyon sovta, retablisman ak netwayaj World Trade Center. Anpil nan premye sekouris yo ak travayè sovta ak retablisman yo gen yon reklamasyon alè pou benefis avèk Konsèy Konpansasyon Travayè Eta New York yo, men yo te refize san rezon. Lòt depandan travayè ki te mouri nan maladi sètifye 11/09 yo entèdi pou yo fè reklamasyon pou benefis Konpansasyon Travayè paske lwa limitasyon yo te ekspire anvan yo te akseptè maladi "World Trade Center Health Program" CDC te sètifye yo kòm kòz sipoze. Pwojè lwa sa a ede premye sekouris sa yo ak travayè sovta ak retablisman yo ki te trape yon

maladi oswa ki mouri nan yon maladi sètifye jwenn benefis yo menm ak fanmi yo merite.

**Senatè Eta Robert Jackson te deklare,** "Anpil travayè sovtaaj ak retablisman 11/09 lan te devlope sentòm respiratwa ak maladi pilmonè akòz ekspozisyon yo nan nyaj pousyè World Trade Center yo. Chanjman nan Lwa Konpansasyon Travayè a nesèsè pou onore sakrifis ewo sa yo ak fanmi yo te fè pou demokrasi nou an ak tout Ameriken yo. Mwen kontan ke pandan n ap pwochen 21yèm anivèsè youn nan jou ki pi trajik nan listwa Ameriken, Gouvènè Hochul ap siyen pwojè lwa S9370 mwen an. Mwen remèsye li ak kòlèg Asanble mwen Abbato (A922-A) pou lidèchip yo".

Lejislasyon (S.9294A/A.10416) pèmèt nenpòt patisipan ki vin andikape ant 11 septanm 2017 ak 11 septanm 2021 pou fè yon reklamasyon anvan 11 septanm 2026. Si yon patisipan te fè yon reklamasyon nan peryòd sa a epi yo te rejte li, Komite Konpansasyon Travayè a pral rekonsidere aplikasyon an. Sa pral pwolonje peryòd tan an jiska 11 septanm 2026 pou depoze yon avi sou patisipasyon nan sistèm retrèt piblik Eta New York yo.

**Manm Asanble a Yuh-Line Niou te deklare,** "Mwen fyè pou m wè 21 ane apre, Eta New York toujou ap pran mezi pou sipòte premye sekouris 11/09 yo. Nan distri mwen an, nou toujou gen anpil moun k ap devlope ak viv avèk maladi ki gen rapò ak 11/09. Se devwa nou pou asire tout sivivan yo resevwa sipò yo merite".

Lejislasyon (S.8273/A.7057-B) deziyen yon pati nan sistèm otowout eta a, kòm "Otowout Memoryal Ofisye Lapolis Pòtyè James W. Kennelly". James Kennelly se te yon ponpye volontè ak rezidan Massapequa ki te ede nan inisyativ rechèch, sovtaaj, ak retablisman nan Pwen Zewo nan laj ven ane. Li te mouri nan 37 ane nan kansè ki gen rapò ak 11/09. Lè nou dedye otowout sa a nan non li, sakrifis li yo pral onore.

**Senatè Eta a, John E. Brooks te deklare,** "James Kennelly te sèvi kòm yon ponpye volontè nan Kazèn Ponpye nan Pwent Lès Massapequa. Lè li te sèlman gen 20 ane, li te pran desizyon ewoyik pou ede ak rechèch, sovtaaj, ak efò rekiperasyon nan Pwen Zewo nan dat 11/09. Pou nenpòt moun ki te konnen James, sa pa te yon sipriz paske li te toujou monte pou ede moun ki nan bezwen yo. Malerezman, James te mouri nan yon dyagnostik kansè ki gen rapò ak 11/09 nan jèn laj 37 ane, kote li kite dèyè fanmi, zanmi, ak kominote li a ki pa te menm jan an depi lè a. Se devwa nou pou nou rekonèt ewoyis James te montre pandan lavi kout, men ki gen anpil enpak li a, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te siyen pwojè lwa sa a pou make yon okazyon enpòtan konsa".

**Manm Asanble, Michael Durso te deklare,** "Ofisye Otorite Pòtyè James Kennelly se te yon gwo gason, yon fonksyonè piblik, yon zanmi, epi sitou, yon papa ak yon mari devwe. Li apwopriye ke Otowout Old Sunrise nan Massapequa dwe nonmen nan onè sèvis ak sakrifis li anvè kominote nou yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen pwojè lwa mwen an epi mwen espere ke devouman wout sa a pral ede memwa li rete vivan pou jenerasyon k ap vini yo".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418